CHAPIT 9 SEMÈN PATRIMWÀN

Leson 9.5 Dat istorik

Konsiy

Anri Kristòf te fèt nan lane 1787. Eksplike kiyès li te ye epi pou ki sa li enpòtan nan istwa Ayiti.

Bonis : Pou ki sa dat 1804 gen anpil enpòtans nan istwa nou ?

Lakou Kajou

Kreyon ak Egzagòn vektè grafik pa Vecteezy

© 2021 dwa dotè TSNE MissionWorks. Tout dwa rezève.

Lakou Kajou byen kontan w deside aprann avèk nou semèn sa a ! Si w te manke yon leson, mwen ekri aktivite ki ale ak chak leson pou ou.

CHAPIT 9 SEMÈN PATRIMWÀN

Leson 9.1 *Jou lesiv*

Lendi

Mande timoun ou koute istwa *Jou lesiv*. Mande pitit ou fè desen yon kote li wè deja, oubyen li te vizite ki bèl nan je pa li. Li ka chwazi li kòm yon sit li panse ki ta dwe prezève, paske li ta renmen lòt moun wè li.

Leson 9.2 Patrimwàn

Madi

Materyèl : Kreyon, fèy papye

Mande timoun ou desinen Sitadèl Laferyè. Sonje desinen yon fò sou tèt yon mòn. Eseye imajinen yon kote ou ka wè tout sa k ap pwoche, men kote lòt moun pa ka antre fasil. Mande timoun ou ekri premye lèt nan Sitadèl la ak premye lèt nan Laferyè anba desen an. Ede l pwononse son 2 lèt yo : S, L. Epi fè yon desen pou montre yon sitadèl.

Kreyon ak Egzagòn vektè grafik pa Vecteezy

© 2021 dwa dotè TSNE MissionWorks. Tout dwa rezève.

Leson 9.3 Patrimwàn kiltirèl
Mèkredi

Materyèl : Kreyon, fèy papye, 40 ti wòch

Sitadèl Laferyè mezire 40 mèt. Mande timoun ou konte rive sou 40. Ou ka ede li konte plizyè fason. Ou ka konte pa inite, (1, 2, 3 , 4 .. rive sou 40) ki vle di ou konte chak grenn wòch. Ou ka konte pa 2, ou konte chak 2 wòch . (2, 4, 6, 8, 10...rive sou 40). Ou ka konte pa 5 (5, 10, 15, 20 , 25, 30, 35, 40). Ou ka konte pa 10 (10, 20, 30, 40).

Leson 9.4 Fòm jewometrik nan patrimwàn
Jedi

Materyèl : Kreyon, fèy papye, règ

Mande timoun ou idantifye fòm jewometrik ki nan anviwonman l. Envite timoun ou manyen fòm yo pou li pase dwèt li sou yo. Gade fenèt yo ak pòt yo epi idantifye ki fòm yo ye. Mande timoun ou fè yon desen yon kay. Fè li sonje sèvi ak twa fòm sa yo nan kay la: kare, rektang, triyang.

Kreyon ak Egzagòn vektè grafik pa Vecteezy

© 2021 dwa dotè TSNE MissionWorks. Tout dwa rezève.